

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kegiatan nulis di kalangan rumaja leuwih héngkér dibandingkeun jeung kagiatan maca, ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Kepala Balai Bahasa Bandung, Abdul Khak (dina Rahman 2017, kc. 1) nétélakeun yén tradisi nulis di Indonesia leuwih héngkér tibatan tradisi maca di kalangan generasi ngora. Eta sawangan téh di rojong ku hasil panalungtikan *Central Connecticut State University* (CCSU) (dina Rahman, 2019, kc. 1), anu nempatkeun Indonesia di peringkat 60 ti 61 nagara dina kagiatan literasi hususna nulis.

Rahman (2019, kc. 2). nétélakeun yén asorna tingkat literasi di Indonesia, hususna dina minat nulis miboga dampak kana tingkat pendidikan di Indonesia. Ku kituna, kaparigelan nulis téh perlu dironjatkeun ngaliwatan prosés diajar di sakola. Ngaliwatan modél jeung média anu luyu. Pangajaran nulis téh penting pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina prosés mikir. Ieu kamampuh nulis téh teu bisa dicangking kalawan gampang, tapi kudu ngaliwatan prosés diajar. Tompkins (dina Karim, 2016, kc. 5) nétélakeun kamampuh nulis téh teu bisa dicangking kalawan alamiah, tapi kudu ngaliwatan kagiatan ngajar jeung diajar sacara tuluy tumuluy. Eta pamadegan téh saluyu jeung nu ditétélakeun ku Canagarajah (dina Rahman, 2017, kc. 2) yén ngaliwatan pangajaran nulis, siswa bisa ngakomunikasikeun idé, aprésiasi, jeung pangalamanna. Ku kituna, kamampuh nulis téh teu gampang kudu aya prosés latihan dina nulis. Nilik kana éta hal, nulis sajak bisa dijadikeun salasahiji média pikeun siswa latihan dina nulis sajak.

Istilah sajak nurutkeun Rosidi (2007, kc. 7) miboga harti anu husus, nyaéta minangka wangun puisi anu lain dangding, malah aya anggapan yén “sajak” mah patukangtonggong jeung dangding.

Dina kanyataanna nulis sajak dianggap hésé jeung kurang dipikawanoh ku siswa kelas X-AK-A di SMK PURAGABAYA. Dina observasi nu dilakukeun ku panalungtik, siswa nu bisa nulis sajak ngan aya lima urang ti 34 siswa. Éta hal téh dibalukarkeun ku kamampuh jeung pangalaman siswa dina pangajaran nulis sajak

téh masih kurang, dina numuwuhkeun idé, éjahan, undak usuk basa, jeung imajinasi.

Dina KIKD basa Sunda kurikulum 2013, geus ditangtukeun yén sajak jadi matéri pikeun pangajaran basa sunda di kelas X. Ku kituna, sangkan matéri sajak bisa ka cangkem ku siswa, diperlukeun ayana strategi, modél jeung média anu cocok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina nulis sajak di kelas X di SMK PURAGABAYA. Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* dijadikeun modél atawa strategi anu dipilih ku panalungtik pikeun méré bongbolongan dina pasualan nu aya dina pangajaran basa sunda, hususna dina pangajaran nulis sajak di kelas X SMK PURAGABAYA.

Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* lamun dihartikeun nyaéta dua cicing, dua jadi sémah. Ieu hal miboga maksud, dina éta modél téh aya prosés néangan informasi ku cara jadi sémah. Nurutkeun Kagan (dina Huda, 2018, kc. 207) métode *Two Stay Two Stray* mangrupa sistem pangajaran kelompok anu tujuanna pikeun siswa bisa gawé bareng, tanggung jawab, silih ngabantuan pikeun ngabereskeun pasualan, jeung silih rojong antara hiji jeung nu sejenna. Ieu métode miboga tujuan pikeun ngalatih kamampuh sosialisasi siswa dina salasahiji pangajaran, utamana dina pangajaran nulis sajak. Jadi modél pangajaran *Two Stay Two Stray* mangrupa prosés pangajaran anu bisa nyipta siswa diskusi kalayan bisa gawé bareng pikeun ngungkulan hiji pasualan.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Syamsuddin (2012) nu medar ngeunaan makéna modél TS-TS dina ngaaprésiasi cerpen ku strategi pangajaran kooperatif tipe *Two Stay Two Stray* nu kategorina luhur, ieu stratégi pangajaran kooperatif tipe TS-TS téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran aprésiasi cerpen. Lian ti éta, aya panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Hidayat (2018) nu medar ngeunaan ningkatna hasil diajar jeung kamampuh gawé bareng ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair Share* jeung *Two Stay Two Stray* kalayan hasil anu signifikan di kelas X IPS SMAN 2 Banguntapan. Éta panalungtikan téh nuduhkeun yén model *Two Stay Two Stray* bisa ningkatkeun hasil kamampuh diajar siswa.

Ieu panalungtikan miboga sasaran jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Dimas Bagus Ariyanto (2018), nyaéta nganalisis ngeunaan kumaha éféktivitas modél pangajaran *Two Stay Two Stray* pikeun modél dina nepikeun informasi atawa matéri anu baris dibikeun ka siswa. Lian ti éta, aya bebedana nyaéta dina objék panalungtikanna, nu nepikeun matéri ngeunaan ngaronjatkeun kamampuh néangan bongbolongan dina hiji pasualan matématika dina matéri geometri.

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta miboga tujuan pikeun mikanyaho, kumaha larapna modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) sangkan ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina pangajaran nulis sajak di SMK Puragabaya. Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran panalungtikan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) kawilang anyar di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI Bandung. Ku kituna, panalungtik kataji pikeun ngamekarkeun ieu modél pangajaran kana pangajaran nulis sajak. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina milih modél pikeun pangajaran anu tangtu.

Salahna milih modél pangajaran anu teu saluyu jeung matéri, ngabalukarkeun matéri anu rék ditepikeun ka siswa jadi teu éféktif jeung éfisién. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) Dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-AK-A SMK Puragabaya Taun Ajar 2019/2020)” ieu panalungtikan dianggap perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan medar ngeunaan kamampuh nulis sajak saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (T-TS). Masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) asorna kamampuh siswa dina pangajaran nulis sajak;
- 2) modél pangajaran *Two Stay Two Stray* acan kungsi dipaké dina matéri nulis sajak;
- 3) modél pangajaran anu dipaké di éta sakola kurang ngirut pikeun diajar siswa, anu balukarna ngajieun siswa teu resep diajar basa sunda utamana dina matéri nulis sajak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi di luhur, rumusan dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya saméméh maké modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS)?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya sanggeus maké modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS)?

- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur. Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkulan pasualan-pasualan nu aya dina prosés pangajaran nulis sajak ku cara ngagunakeun modél anu luyu jeung kabutuhan siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis dina pangajaran nulis sajak.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa dina nulis sajak saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS);
- 2) kamampuh siswa dina nulis sajak sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS);
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa dina nulis sajak saméméh jeung sanggeus maké modél *Two Stay Two Stray* (TS-TS)?.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tiori ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngalarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) dina pangajaran nulis sajak di sakola, sarta bisa jadi référénsi diayakeunna panalungtikan nu leuwih jembar pikeun panalungtik séjénna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun nu nalungtik, bisa ngajembaran paélmuan anu keur ditalungtik, ogé meunangkeun pangalaman anu beuki loba tina naon-naon anu geus dipilampah dina ieu panalungtikan;
- 2) pikeun siswa, ngawangun minat sarta ngarojong kamampuh nulis siswa dina nulis sajak;

Arie Aditya Nugraha, 2020

MODÉL PANGAJARAN TWO STAY TWO STRAY (TS-TS) DINA PANGAJARAN NULIS SAJAK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-AK-A SMK PURAGABAYA Taun Ajar 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) pikeun guru basa Sunda, mangpaatna pikeun dijadikeun salasahiji réfrénsi pikeun ngajarkeun siswa jeung pikeun ngarojong ngaronjatkeun kamampuh siswa, hususna dina kagiatan nulis, sarta hasil panalungtikan bisa dijadikeun conto modél pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun kalawan sistématis sarta diwangun jadi lima bab, BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawéngku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawéngku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan pusataka, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis, anu eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis anu ngawéngku ngeunaan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS), nulis sajak jeung sagala matéri bahan ajar.

BAB III Méthode panalungtikan jeung pedaran, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) dina pangajaran nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya Taun Ajar 2019/2020)

BAB V Kacindekan jeung saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.